

# THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom shores  
Elementary School  
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100



SEPTEMBER 2024

# A note from Mr. Sabatino,



Dear Parents/Guardians:

Avèk tout travay di pitit nou yo ak anplwaye nou yo te fè nan ane pase a, lekòl nou an klase yon B!! Nou pral kontinye ak tout efò sa yo pou kontinye grandi nan domèn akademik. Nou te ouvè ane lekòl la, nan yon fason enteresan ane sa a ak premye Rasanbleman Paran nou yo pou ede nou kontinye bati nouvo Sistèm Kay nou an epi pou timoun yo ak paran yo kapab plis patisipe. Tout nouvo elèv nou yo ak elèv jadendanfan yo te klase nan kay ak nouvo wou nou an. Anplis klasman House la, nou te kòmanse fè tout elèv yo pran premye evalyasyon FAST ak i-Ready yo. Evalyasyon sa yo ban nou yon referans pou kote yo ap kòmanse klas yo akademikman. Nou ka wè tou si yo te gen nenpòt pèt nan ete a. Nou gen tou yon konpetisyon amikal pou klas la nan chak nivo klas ak pi gwo pousantaj elèv ki travay sou i-Ready pou 45 minit yo chak semèn epi ki resevwa yon pousantaj metriz 70% oswa pi wo.

Liy machin nou an nan maten ak nan aprèmidi bezwen atansyon. Lekòl la kòmanse a 8:00 egzak tanpri fè ansòt ke timoun yo rive anvan lè sa a pou yo kapab prè pou kòmanse jounen etid yo. Egalman ranvwa timoun yo kòmanse a pati de 2:05 PM, tanpri nou dwe rive anvan lèsa a omwens 10 mns anvan pou kapab pran pitit ou a. Sa va yon gwo sipò pou pèmèt liy nan ale pi vit. Silvouplè, sonje lèw ap antre nan yon sèl liy nan, ou dwe fèsa ak jantiyès pou pèmèt yon lòt machin kapab rantre nan liy lan tou. Epi tou lèw rive nan maten ak pitit ou a. Fè ke li pre pou desann machin nan nan bò pasaje yo. Sa kapab pèmèt liy nan ale pi vit pou lòt machin yo. Fantastik PTO nou an ki achte pwogram ki rele Curbmart ke nap ilize a. Sistèm nan itilize yon pankat ke nou bay pou timoun yo lè yo vin chache yo. Pankat sa a dwe devan machin nan ki kapab ede nou wè nimewo ki ladan lan. Tanpri sonje poun konsidere vwazen nou yo pou nou pa pake nan pwopriete yo, epi nan parking ki pou bis yo. Siw vini nan liy ki fèt pou machin yo rale moute osi lwen ou kapab. Liy nan kapab mache pi vit epi timoun yo kapab sòti an sekirite nan machin yo.

Kòm li toujou konsa, nou vle enplike paran yo nan rankont konsèy lekòl la (SAC) ak PTO ki pral fèt nan maten pou ou ka vini nan reyinyon anvan ou depoze pitit ou nan lekòl la. Rankont yo se chak 3è Mèkredi nan chak mwa a 7:00 am nan Media Center a. Silvouplè, fè efò pou ou kapab vini nan rankont lan. Saw ka pataje kòm enfòmasyon kapab ede pou pran desizyon. Ou dwe vin plis aktif nan edikasyon pitit ou a lèw patisipe nan rankont sa yo ak nan lòt fonksyon lekòl la. Mèsì davans pou tout sipò ou, epi nap kontinye travay ak pitit ou a.

Mèsì pou sipò kontini ou!

# A note from Ms. Rogers,



Comprender los resultados del Diagnóstico i-Ready de su estudiante

¿Qué es el Diagnóstico i-Ready?

El Diagnóstico i-Ready es una evaluación adaptativa que ajusta sus preguntas a cada estudiante. A medida que el estudiante responde correctamente, las preguntas se vuelven más difíciles. A medida que el estudiante responde incorrectamente, las preguntas se hacen más fáciles. Esta adaptabilidad permite al Diagnóstico i-Ready identificar los puntos fuertes y las oportunidades de crecimiento de cada estudiante.

¿Por qué lo toma mi estudiante?

El propósito del Diagnóstico i-Ready no es poner una calificación a su estudiante, sino determinar la mejor manera de apoyar su aprendizaje. Ayudará a los maestros de su estudiante(s) a determinar sus necesidades, personalizar su aprendizaje y supervisar el progreso a lo largo del año.

¿Qué ocurre si mi estudiante está por debajo del nivel de su curso?

Esta situación puede darse, y los maestros y las escuelas tienen muchas estrategias y programas para ayudar a acelerar el aprendizaje de su estudiante. Tener esta información puede ayudarte a ti, a tu estudiante y a sus maestros a tener las conversaciones adecuadas para lograr el progreso necesario.

¿Qué puedo hacer yo para ayudar a mi estudiante?

- Discute los resultados con el estudiante. Celebre sus fortalezas y progresos, y colabore con él en la planificación de cómo alcanzará sus objetivos.
- Póngase en contacto con el maestro de su estudiante para obtener más ideas y recursos para apoyar a su estudiante en dominios y/o habilidades específicas.
- Si su estudiante utiliza i-Ready Instrucción Personalizada, revise su progreso en el tablero del estudiante y apoye su aprendizaje en casa con estos consejos

Visite el Centro Familiar para obtener información adicional y orientación y recursos útiles para ayudar a su hijo/a en casa.



**Tanpri Sonje!**

Frè ekolaj ak tout frè ki rive yo dwe peye 15 chak mwa pou evite yon frè pèman anreta ak posib revokasyon nan pwogram nan.

**Enskripsyon disponib kounye a sou entènèt!**

Frè enskripsyon pou chak elèv se \$35.

**Tanpri Enskri La a!**



Martinique  
Jamison

After School Site Director



**561-804-3130**



Martinique.Jamison@palmbeachschools.org

**Swiv nou sou Facebook ISIT!**



# Counselor's Corner



Mrs. Heitz  
diana.heizt@palmbeachschools.org

Mrs. Briceno  
vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org

Hello Parents and  
Guardians!

Byenvini Elèv ak Paran Freedom Shores yo! Pou kòmansè, nou ta renmen prezante nou ak fanmiy Freedom Shores la. Nou se Madam Briceño ak Madam Heitz, epi nou se pwofesè gid piti ou a ak konseye lekòl la. Pou kòmansè nan kòmansman ane lekòl la, nou pral fè pwomosyon konsyantizasyon prezans. Eskew konnen ke timoun ki pèdi anpil jou lekòl gen mwens chans pou yo li nan nivo klas yo nan 3èm ane? Lèw ap travay ak elèv, paran, ak pwofesè yo pou ankouraj prezans alè chak jou wap sipòte konsantrasyon estratejik Distri a pou ogmante lèkti nan nivo klas la nan 3èm ane. Paran nou ankourajew pou ede nou lèw raple pitit ou a poul al dòmi bonè poul ka dòmi byen epi poul ka vini lekòl alè chak jou. Nap aplike atant lekòl nou yo kontra sosyal ak direktiv SOAR nou yo tou nan tout konsèy nan salklas nou an. Nou ap tann yon bèl ane lekòl!

Se Konseye lekòl la,  
Mrs. Heitz and Mrs. Briceno





HAPPY NATIONAL  
**HISpanic**  
HERITAGE MONTH

September 15 to October 15

# SEPTEMBER

## 2024



### Freedom Shores Elementary PTO

#### Mesaj Prezidan yo

Mwen espere ke mesaj sa a jwenn ou anfòm! Pandan nap kòmanse yon lòt ane lekòl, mwen vle bay tout fanmi nou yon bon akèy. Enplikasyon w nan PTO li vital pou nou fè siksè, epi map ankouraje w pou toujou enlike nan pataje idew, epi patisipe nan evènman kap fèt yo.

Ansanm nou ka kreye yon anvironeman ki kapab sipòte ak anrichi timoun nou yo. Siw ta gen nenpòt kesyon oubyen siw ta vle volontè, tanpri kontakte nou!


**Rapèl:** Li nesesè pou fè 10 è detan volontè nan 2 semèn anvanw ka vini yon chaperon nan nenpòt vwayaj epi ou pa kapab volontè nan pwop klas pitit ou yo.

Tanpri gade dat ak lè ki anba yo epi klike sou bouton patisipasyon an. Mès! Fèm konnen ki lè ou chwazi pou vini asiste, pa genyen yon tan fiks ke pwofesè yo egzije.

Best, Mrs. O'Brien

#### Konekte ak Nou!

 freedomshoreses

 Freedom Shores Elementary School

 samantha.obrien@palmbeachschools.org

#### Dat enpòtan:

**4 Septanm**

Fòmasyon pou  
Volontè.

5PM

**18 Septanm**

Rankont SAC /  
PTO

7AM

26 Septanm

Kana Krèm pandan  
Rekreyasyon!



**Bonjou, Depatman Edikasyon Espesyal nan Freedom Shores!**

**Nou ap tann yon gwo ane pandan nap navige sou tout sa kap vini yo. Mèsi paskew konfyè pitit ou yo ban nou epi pèmèt nou fè pati de ekip la pou sipòte yo emosyonèlman, akademikman, ak konpòtman. Nap mandew pou kontinye pasyan epi kominike poun ka avanse pi douvan.**

**Eskew te konnen elèv avek IEP nan Freedom Shores gen aksè ak liv Odyo nan:**



### **The Parent As Liaison (Pal)**

\* Paran kòm Lyezon (Pal) se Madam Mary Black, ou kapab jwen li nan [mary.black.c@palmbeachschools.org](mailto:mary.black.c@palmbeachschools.org) pou aisitans navigasyon pandan pwosès ESE a. Pou plis enfòmasyon sou Pals ou kapa jwenn li nan <https://www.fdlrsalpha.org/parent-services>.



### **Child Find**

\* Child Find ap ofri enfòmasyon ak Sèjyon (Screenings) gratis pou timoun ki nan laj 3 pou rive 5 an ki gen difikilte pou aprann, pale, jwe, wè, mache, epi tande. Pou kòmanse pwosesis la, tanpri rele ekip la nan nimewo telefòn sa a: (561) 434-7337.



*\* Rankont IEP yo kapab vityèl oubyen an pèsòn. Nou mande siw ta malad pandan 3 jou ou ta dwe chwazi rankont vityèl pou pwoteje ekip la. Siw gen yon bagay oubyen ou gen yon nouwèl enfòmasyon ou vle pataje ak Ekip ESE a, tanpri kontakte Dr. Sharrié Vereen, ESE Coordinator nan 561-804-3110 oubyen [sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org](mailto:sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org).*



**CONTACT:**  
Dr. Sharrié Vereen, ESE Coordinator  
[sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org](mailto:sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org)  
561-804-3110







# Dual Language & Esol



**Pou tout Nouvo epi famiy ki retounen, Byenvini!**

**Nou vreman kontan epi nap kontinye travay avèk elèv yo pandan ane sa a :)**

**Nou ta renmen envitew pou vin jwenn nou nan Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC: School Advisory Council). Konsèy la responsab pou pran desizyon enpòtan nan sa ki gen awè ak edikasyon elèv ou a, men nou ta renmenw patisipe nan pwosesis la. Rankont yo ap fèt chak 3è Mèkredi nan chak mwa, nan Media center a apati 7:00 am, imediatman aprè nap genyen rankont PTO a 7:30 am.**

---

**Siw ta bezwen asistans oubyen ou ta gen kesyon konsènan ESOL ak Doub lang pwogran yo, Tanpri kontakte ekip ESOL la: Nelly Coffman - Koòdonatè ESOL. Maibelis Concepcion - Antrenè Doub Lang la, Vanessa Briceño - Konseye lekòl la pou doub Lang. Animatè Espanyòl Langaj la ak Pale kreyòl la yo la pou asiste w nan kominikasyon avèk pwofesè klas pitit ou a. Ou kapab kontakte yo nan nimewo sa a 562-804-3123.**

---

## Kindergarten:

Fantastik pwofesè Kindergarten yo vreman kontan pou nouèl ane leòl la epi pou yo wè timoun yo SOAR. Nou te revize pwosedi yo ak lwa yo. Mande pitit ou a nan sa ki genawè ak kontra sosyal ak pwomès nou pou chak nan nou se pou nou fè sa ki pi bon pou nou pandan nou nan lekòl la. Tanpri, revize tout papye ki vini lakay ou nan katab kominikasyon chak jou a. Pa bliye pou siyen jounal kominikasyon chak swa a, epi voyel tounen nan lekòl la ak pitit ou a. Sonje pou li avèk pitit ou a chak jou! Nou espere revize korikoulòm nou an ak woutin chak jou nou yo nan Open House / Sware kourikoulòm 14 Septanm 2024 pou soti 6:00 rive 7:30 p.m.



## First Grade:

Hello Famiy iè ane yo. Premye semèn nan te vole rapid. Nou te vreman kontan poun te konnen chak timoun yo chak jou! Leson DEAL (Drop Everything And Lead) yo te trè siyifikatif, alò tanpri fè ke pitit ou a rive bonè nan lekòl chak jou! Nan ELA, nap gen pou nou nan Unit 1: Plant ak animal grandi ak chanjman. Lakay, pitit ou a dwe jwenn yon tach brikabrak, el dwe li pou 20 minit chak jou. Nan Syans, nou kapab dekouvri kisa syans ye lè nou itilize sans nou yo poun obsève ak dekri objè. Nan etid sosyal yo, nap aprann konsènan istwa Ameriken / nan òd kronolojik. Lakay, nou dwe diskite sekans bagay yo fè yo (1e, 2yèm, 3yèm, etc....). Nan Matematik, elèv yo kapab genyen yon pwofon konpreyansyon nan dimansyon fòm 2 ak 3. Lakay, jwe jwèt mo devinèt ( fè desen epi itilize fòm, kreye desen lè nap itilize plizyè nou te aprann). Siw ta genyen nenpòt kesyon sou bagay ki konsènew, tanpri pa ezite pou kontakte nou. Bon Otòn!

## Second Grade:

2èm ane a te genyen yon fantastik kòmansman nan nouvèl ane a!! Nou te vreman renmen konnen elèv yo ak tout fanmi yo. Elèv yo te fè yon travay enkwayab nan revize pwosedi SOAR yo nan tout lekòl la epi yo te menm touche kèk eagle dola gras ak efò yo menm. Rankont nan maten te yon tan favorab pou yo te aprann konsènan lòt kamarad nan klas la, tanpri fè sèten ke timoun yo rive lekòl alè chak jou. Nan ELA nou te vreman kontan poun te kòmanse premye inite a. Nou te gen lèkti nan sa ki gen awè ak Amperè Penguins ak kotel te rete. Nan Math nou te fini ak chapit 1 epi apran tout bagay konsènan adisyon epi soustraksyon ak nonb ki piwo pase 20. Nou tout te aprann kòman nou ka vini yon Syantis epi nou ka itilize konesans sou ankèt poun reponn kesyon nan sa ki gen awè ak mond lan. Tanpri, sonje tyeke katab kominikasyon pitit ou a chak swa. Nap gade pou pi douvan nan yon fantastik mwa Septanm!!



## Third Grade:

Hello, Famiy 3èm ane!

Mwa Daout la make yon bèl retounen lekòl! Nou selebre elèv nou yo kòm yo rekonekte ak zanmi yo ak retounen pou aprann.

Men kèk dat enpòtan pou mwa Septanm lan:

Tès F.A.S.T PM1:

Lèkti: 4 Septanm.

Math: 10 Septanm.

Pop! Pou ramase lajan.

Don yo dwe rive nan jou 09 Sep[tanm 2024 la. Kontribisyon yo ap ede sipòte pwogram ak aktivite lekòl la.

Tanpri, kontinye kontwole ajanda ak katab kominikasyon pitit ou a pou aktyalite. Nou rekonesan pou sipò kontinyèl ou nan fè lekòl ou yon kote pou aprantisaj ak kwasans. Patisipasyon w enpòtan anpil, epi nou espere kolabore avèk ou pandan tout ane lekòl sa a. Ansanm nou ka ede elèv nou yo SOAR!

## Fouth Grade:

Hello ak Byenvini fantastik Paran elèv 4èm ane yo! Nan mwa sa a nou pap gen lekòl Lendi 2 Septanm nan, se jounen yo selebre travay. Jedi kap 5 lan se va ELA F.A.S.T, Mèkredi 11 nap fè Math FAST, Jedi 19 se va jounen Donuts avèk papa yo. Rapò Pwogrè yo va disponib nan SIS la Lendi 23. Mèkredi 25 se va jounen jersey epi jedi 26, Kona krèm glase ap la nan lekòl la nan rekreyasyon, enben nou dwe vini ak lajan poun ka achte! Epi chak Lendi elèv yo ka abiye ak koulè kay yo gratis epi vandredi elèv yo ka mete abako ak yon chemiz espri lekòl pou \$1:00. Mèsi pou tout sipè ou!!



## Fifth Grade:

Byenvini pou dènye ane lekòl elemantè. Depi elèv retounen lekò, yo kòmanse travay di sou aprantisaj pwosedi nou genyen pou 5èm ane. Elèv yo deja pran premye iReady Diagnostic, Lèkti, ak Math tès pou ane sa a. Nap kapab konplete premye tès pwogrè kontwol pou ELA ak Math nan 2 pwochèn semèn yo. Pitit ou a va pataje kalandrye ya avèk ou chak swa kòm li se pi gwo mwayen pou kapab kominike ant paran yo ak lekòl la. Nou espere poun wè chak moun nan ouvèti House Night nan Mèkredi, nan 4 Septanm 2024 la.

# FREEDOM SHORES KLIB JADEN



POU 2È - 5È ANE: VIN JWENN NOU NAN JADEN ISIT LA NAN FREEDON SHORES EPI PATISIPE NAN NETWAYAJ, REPWANN, AK KENBE BOTE A NAN PLIZYÈ JADEN NOU YO. NOU PRAL TRAVAY NAN JADEN AN SÒTI 7:30 - 7:50 AM CHAK MATEN LEKÒL KI PA GEN LAPLI. SIW ENTERESE, TANPRI GADE POU FICHYE PÈMISYON AN. GARDEN CLUB AP KÒMANSE 9 SEPTANM. GADE POU PI DEVAN "GRANDI" AVÈK OU!

Freedom Shores Elementary School

# Donatè yo chwazi

Ede pwofesè yo ak bay founiti lekòl yo

Nap kontakte famiy Freedom Shores pou sipòw pou kèk nan pwofesè nou yo. Pwofesè sa yo te kreye yon pwojè DonorsChoose epi yap chache kèk finansman adisyonèl. Nap vreman apresye nenpòt sipò ou kapab bay pou pwofesè sa yo.

Tanpri klike sou pwofesè pou fè yon Don:

[Ms. Tedesco](#)

[Ms. Puente](#)

[Ms. Ceci](#)

[Ms. Coupet](#)

[Ms. Allegro](#)

[Ms. Rodriguez](#)

[Ms. Brodi](#)

[Ms. Klisiak](#)

[Ms. Szachor](#)

[Ms. Castro](#)





# SEPTEMBER 2024



Sunday	Monday	Tuesday	Wednesday	Thursday	Friday	Saturday
1	2 No School	3 3rd Grade ELA FAST	4 4th & 5th Grade ELA FAST 5pm Volunteer Training 5:30 Title I Mtg <b>6- Curriculum Night</b>	5	6 Dollar, No collar	7
8	9 Rep your house!	10 3rd Grade Math FAST	11 4th & 5th Grade Math FAST	12 1st & 2nd Grade STAR ELA	13 Vision & Hearing screening- K, 1 & 3 Kinder Star ELA Dollar, No collar	14
15 Beginning of Hispanic Heritage Month	16 Vision & Hearing screening- K, 1 & 3 Rep your house!	17 1st & 2nd Grade Star Math	18 <b>7am- PTO/SAC Meeting</b> Kinder Star Math Flag of Heritage Day (Represent your country of heritage by wearing their flag colors)	19 Donuts with Dad	20 Dollar, No collar	21
22	23 Progress Reports in SIS Rep your house!	24	25 Sports Jersey Day (Wear your favorite jersey to represent your favorite Hispanic sport team)	26 Kona Ice during recess	27 Dollar, No collar	28
29	30 Rep your house! RCA House Meeting 4th grade zoo field trip					

**ADVERTISE IN OUR NEWSLETTER!** If you have a business and would like to advertise in our newsletter or have a banner on campus, Call or Email Audra at (561) 804-3114 [audra.spurlin@palmbeachschools.org](mailto:audra.spurlin@palmbeachschools.org)

A HUGE THANK YOU


TO:

**ILENE GOTTLIEB**

WHO ADOPTED MS. SALLEY'S!!!!

A HUGE THANK YOU

TO:



WHO ADOPTED MS. VINAS' & MS. LUCAS' CLASSES!!!!

A HUGE THANK YOU

TO:

**GREENE SPORTS &  
ENTERTAINMENT**

WHO ADOPTED MS. SALLEY'S!!!!

Thank you for being a GREAT

Frank Petrunaro  
*General Manager*



Store: (561) 424-2272  
[bwbboynton@bwb2014.onmicrosoft.com](mailto:bwbboynton@bwb2014.onmicrosoft.com)

1790 N Congress Ave #600 | Boynton Beach, FL 33426  
[www.brooklynwaterbagel.com](http://www.brooklynwaterbagel.com)

Business Partner!!!!